



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER SEKOLAH DASAR  
TAHUN PELAJARAN 2020/2021**

**KURIKULUM 2013**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : 6 ( Enam )

Hari/tanggal : Jumat, 4 Desember 2020  
W a k t u : 07.30 – 09.30 ( 120 menit )

**PETUNJUK UMUM :**

1. Tulislah nama dan nomor pada sudut kanan atas pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kau anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan sebelum kau serahkan pada Bapak/Ibu Guru!

- I. Wenehana tandha ping ( X ) aksara a, b, c utawa d wangsulan kang paling bener ing lembar wangsulan kang cumawis!

Wacan kanggo soal garap 1 - 3.

**Tari Gambyong**

Nalika semana Mangku Negara V Tahun 1881 tekan 1896, beksan Gambyong dikirim minangka duta kesenian ing nagari Walanda. Iki pisanan Gambyong disuguhake ing sangarepe forum bergengsi. Jebul para ahli lan sutresna budaya ing nagari Walanda seneng marang beksan Gambyong. Mulane wiwit wektu iku Gambyong mesthi disuguhake nalika nyambut tamu-tamu kraton. Nalika peprentahan Mangku Negara VII tahun 1944 tekan 1986.


Tahun 1950, Gambyong Pareanom digarap dening Nyi Bei Minatararas. Beksan Gambyong Pareanom iku sengaja digarap lan disuguhake ing pahargyan dhauping Ghusti R.A. Nuruh Kamaril Ngarasarati Kusumawardhani kalian R.M. Suryasurarsa. Saiki Beksan Gambyong Pareanom disuguhake minangka beksan "sugeng rawuh" kanggo nyambut tamu-tamu sing rawuh ing kraton. Kajaba saka iku, ora mung ana ing kraton wae, nanging uga ing papan panggonan pariwisata kayata Ambarukmo Palace Hotel uga kerep ngetokake beksan Gambyong Pareanom kanggo nyambut tamu, sanajan busanane ora padha presis karo gaya Mangkunegaran.

1. Kang dadi gagasan pokoke wacan ing dhuwur yaiku ....
  - a. Tamu Kraton
  - b. Tari Gambyong
  - c. Beksan tradhisional
  - d. Papan pariwisata
2. Tari Gambyong dikirim minangka duta kesenian kang kapisan menyang Negara ....
  - a. Jerman
  - b. Walanda
  - c. Jepang
  - d. Cina
3. Tari Gambyong Pareanom Tahun 1950 digarap dening ....
  - a. Mangku Negara V
  - b. Mangku Negara VII
  - c. Nyi Bei Minatararas
  - d. R.M. Suryasurarsa

4. Tembung deskripsi asale saka bahasa latin.  
Describere kang nduweni teges ....
- kronologis
  - gambaran

- pangajak
- mbudidaya

5.



Gambar gamelan ing sisih kiwa iki jenenge ....

- gender
- gambang
- saron
- slenthem

6. Kang dudu putrane Raden Janaka yaiku ....
- Abimanyu
  - Wisang Geni

- Bambang Irawan
- Gatutkaca

7. Bapak menyang Jakarta numpak bus.  
Tembung menyang krama aluse yaiku ....

- mangkat
- budhal

- tindak
- lunga

#### Wacan kanggo nggarap soal nomer 8 - 9

Marga seni tari, aku bisa njajah desa milang kori. Kandhane manteb miturut Susi, katrampilan mbeksa gedhe banget mumpangate, kajaba tambah mitra, nggulawenthah pribadine dhewe murih disiplin, tanggung jawab, sarta percaya marang diri pribadine.

8. Miturut teks ing dhuwur katrampilan mbeksa bisa ....

- gawe Susi njajah desa milang kori
- ndadekake Susi duwe kapribaden kang disiplin, tanggung jawab, lan percaya diri pribadi
- gawe sapa bae dadi wong kang tanggung jawab
- gawe Susi seneng mbeksa

9. Katrampilan beksa akeh banget mumpangate, tembung beksa tegese ....

- nulis
- tembang
- mlaku
- tari

10. Marlinah bocah kang duwe tanggung jawab, saben ana garapan age-age digarap, beda karo adhine sing ... mula gaweane kethetheran.

Tembung kang cocok kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku ....

- sembrana
- setiti
- wasis
- sregep

11. Arah lakuning crita kang awujud kadadéyan-kadadéyan kang kasusun saka wiwitan tumekan pungkasan diarani ....

- tema
- amanat
- plot
- latar

12. Ajisaka duwe abdi papat, *kajaba* ....

- Dora
- Duga
- Prayoga
- Prabawa

13. Kanthi atur kula nuwun  
Aparenga amiwiti  
Ngaturaken pudyastawa  
Mengeti dina Kartini  
Mugi tanpa sambikala  
Tebih saking tulak sarik.


Isine tembang macapat kinanthi ing ndhuwur, yaiku ....

- a. Kula nuwun miwiti nembang  
b. Melu donga muga-muga pengetan dina Kartini ora ana alangan  
c. Kanthi atur panuwun dina Kartini ora ana alangan  
d. Pengetan dina Kartini ora bakal ana alangan
14. Guru lagu lan guru wilangan tembang macapat Kinanthi gatra katelu yaiku ....
- a. 8u  
b. 8a  
c. 8i  
d. 8e

15. Raden Janaka satriya ing .... (katulis mawa aksara Jawa)

- a.  c.   
b.  d. 

**II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi bener ana ing lembar wangsulan!**

16. Piranti kang digunakake kanggo nancepake wayang yaiku .....
17. Tari Gambyong asale saka daerah .....
18. Prajurit sing numpak jaran ana ing kesenian Reog diarani .....
19. Kesenian kethoprak asale saka .....
20. Paraga bakune ing kesenian Reog yaiku .....
21. Karangan kang njlentrehake sawijining prekara anyar kanggo nambahi wawasan kang maca diarani karangan .....
22.  Gambar wayang ing sisih kiwa iki arane .....
23. Gaman Kuntawijayadanu iku duweke .....
24. Kasatriyane Raden Nakula yaiku .....
25. Pandhu Dewanata ratu ing .....
26. Guneman karo kanca sapantaran/saumuran nggunakake basa .....

